

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Kont pou Developman Endividyèl



Kisa yon kont pou developman endividyèl (ki rele yon "IDA") ye?

Yon IDA se yon kont labank espesyal ki ede w sere lajan pou edikasyon ou, pou achte premye kay ou oswa pou kòmanse yon biznis.

Ou itilize salè ou touche nan travay ou pou ouvri yon kont labank ki apwouve pou yon IDA.

Kouman yon IDA ap ede lajan mwen vin pi plis?

Ou bay lajan nan salè ou touche nan travay ou. Avèk yon IDA, kontribisyon ou annamoni avèk lajan ou resevwa nan pwogram TANF Leta (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite) oswa nan lajan espesyal ki rele lajan "pwojè demonstrasyon". Lajan ki annamoni an ka ede w reyalize bi ou pi vit.

Kimoun ki elijib pou yon IDA?

- Si w ap travay epi w ap resevwa peman TANF, ou ka elijib pou yon **TANF IDA**. (Se pa tout Eta ki ofri yon TANF IDA pou kounye a.)
- Si w ap travay epi w **oswa** ap resevwa TANF **oswa** ou pa touche anpil lajan epi ou pa gen anpil resous, ou ka elijib pou yon **pwojè demonstrasyon IDA**.

Kouman yon TANF IDA oswa yon Pwojè Demonstrasyon IDA ap afekte benefis SSI mwen?

Benefis SSI ou pap diminye—li menm ka ogmante! Se paske salè a, lajan ki annamoni an, ak enterè ki ale nan IDA ou **pa** konsidere kòm **revni** oswa **resous** ou lè n ap kalkile benefis SSI ou.

Ki kote mwen ka chèche plis enfòmasyon sou IDA?

Kontakte biwo TANF Leta ki nan zòn ou.